

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa Sunda miboga udagan sangkan siswa kréatif jeung mahér dina ngalakukeun komunikasi ngagunakeun basa Sunda boh sacara lisan boh sacara tinulis. Salahsahiji kaparigelan basa nu diajarkeun di sakola salaku pakakas komunikasi sajaba ti maca, nyarita, ngaregepkeun nya éta kaparigelan nulis. Éta hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Lolotasik (2018, kc. 3), yén kaparigelan nulis kudu dipiboga ku siswa dina lumangsungna prosés diajar timimiti tingkat sakola dasar nepi ka paguron luhur pikeun kahontalna kaparigelan-kaparigelan séjénna.

Nulis mangrupa kagiatan nu digunakeun pikeun ngébréhkeun gagasan, ide, pikiran sacara tinulis (Yunus, 2015, kc 24). Kagiatan nulis nungtut kréatifitas siswa dina ngahasilkeun hiji karya, salahsahijina nulis wawangsalan. Tapi kanyataan kagiatan nulis wawangsalan téh lain hal anu gampang. Aya anggapan siswa yén dina nyusun gagasan, ide, jeung pikiran kana wangun tinulis téh hésé . Éta hal luyu jeung pamadegan Wartini (2017, kc. 258), yén henteu saeutik siswa anu ngarasa kasulitan nalika nyusun kekecapan jadi hiji karangan sarta masih kénéh henteu saluyu jeung kaidah panulisan nu ngawengku hubungan eusi padalisan jeung wangsalna, *guru wilangan*, diksi jeung ejahan. Éta kaidah panulisan téh kudu diperhatikeun dina kagiatan nulis, salahsahijina dina nulis wawangsalan. Anggapan siswa yén nulis téh hésé jeung rumit pikeun dilakukeun sarta nyababkeun pangajaran jadi monoton jeung henteu pikareuseupeun. Antukna minat siswa kurang nalika diajar nulis wawangsalan. Kurangna minat siswa ogé dipangaruhan ku modél pangajaran nu dilakukeun ku guru. Modél jeung média nu digunakeun ilaharna modél anu masih sederhana jeung kurang variatif sarta motivasi nu ngajieun ngirut siswa sangkan aktif dina kagiatan nulis ogé masih kurang (Ismayayanti. spk, 2015). Éta hal ngabalukarkeun henteu mekarna ide jeung gagasan siswa dina nulis wawangsalan. Antukna mangaruhan kana kaparigelan siswa dina nulis wawangsalan.

Dina KIKD Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK kelas XI, aya pangajaran ngeunaan wawangsalan nu kaasup kana sisindiran. Éta hal téh kaunggel dina Kompetensi Dasarna: 4.2

Andi Saputra, 2020

MODÉL COMPLETE SENTENCE NGAGUNAKEUN MÉDIA FLASHCARD PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI-MIPA 7 SMAN 24 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Anu unina “*Menyusun dan menampilkan sisindiran secara lisan/ tulisan sesuai dengan konteks dan fungsi sosialnya*”.

Dumasar kana rumusan éta kompetensi dasar, kecap *menyusun* leuwih nekenkeun kana kaparigelan nulis sisindiran. Dina matéri sisindiran ngawengku paparikan, rarakitan jeung wawangsalan, tapi dina ieu panalungtikan leuwih museurkeun kana materi wawangsalan. Nulis wawangsalan kudu merhatikeun sababaraha aspék saperti hubungan eusi padalisan jeung wangsalna, *guru wilangan*, diksi sarta ejahanna. Nulis wawangsalan ogé bakal ngagambarkeun kamampuh siswa dina nepikeun jeung ngébréhkeun pikiran jeung imajinasina ngaliwatan wangun tinulis. Dumasar hasil observasi nu dilakukeun di SMAN 24 Bandung, dina pangajaran wawangsalan di kelas XI henteu ngagunakeun modél pangajaran anu husus. Siswa ngan saukur ngagunakeun buku téks salaku sumber diajarna. Sasakali guru méré bahan ajar dina papan tulis sarta méré pancén sangkan nulis wawangsalan sacara mandiri. Antukna kamampuh siswa nulis wawangsalan siswa SMAN 24 Bandung kagolong masih handap. Ku kituna milih modél pangajaran anu luyu, penting pisan pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nulis wawangsalan siswa.

Sangkan kahontal tujuan pangajaran nulis, dina prak-prakanana diperlukeun modél pangajaran anu bisa ngirut minat siswa diajar nulis. Léngkah-léngkah modél pangajaran miboga pungsi salaku pedoman pikeun guru dina ngalaksanakeun prosés pangajaran sacara sistematis sangkan kahontalna tujuan pangajaran. Modél anu luyu jeung pangajaran nulis wawangsalan bakal miboga hasil anu hadé hususna dina ngébréhkeun pikiran atawa ide dina nulis wawangsalan, utamana dina milih diksi jeung ejaman anu bener. Salahsahiji modél anu luyu dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis wawangsalan nya éta ngagunakeun modél *Complete Sentence*.

Modél pangajaran *Complete Sentence* mangrupa modél pangajaran nu digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaduga lumangsungna kajadian, kajadian di dieu mangrupa kagiatan ngalengkepan kalimah anu acan lengkep sangkan jadi hiji beungkeutan kalimah anu utuh. (Huda, 2018, kc. 313). Hakékatna modél pangajaran *complete sentence* nya éta ngalengkepan teks ku kecap anu luyu dumasar kana kréativitas siswa. Modél pangajaran *complete*

Andi Saputra, 2020

MODÉL COMPLETE SENTENCE NGAGUNAKEUN MÉDIA FLASHCARD PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI-MIPA 7 SMAN 24 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sentence bisa jadi inovasi pikeun ngaronjatkeun daya imajinasi jeung kreativitas siswa (Aji, 2016, kc. 79). Ngaliwatan ieu modél pangajaran dipihareup prosés pangajaran téh leuwih *variatif* sangkan bisa ngaronjatkeun motivasi siswa diajar sarta bisa nimukeun ide-ide anu kréatif pikeun nulis wawangsalan.

Modél pangajaran *complete sentence* bakal jadi hiji pangajaran anu pikaresepeun lamun dibarengan ku média pangajaran. Média pangajaran mangrupa sarana nu digunakeun ku guru pikeun nepikeun matéri ka siswa. Média pangajaran nu bisa digunakeun salahsahijina nyaéta média *flashcard*. Média *flashcard* mangrupa média nu ngamangpaatkeun gambar salaku sarana pangajaran pikeun nepikeun matéri nu rék diajarkeun ku guru (Fadilah, 2016, kc. 6). Kagiatan pangajaran nu matak siswa kairut kalawan ngagunakeun média *flashcard* bisa ngaronjatkeun sumanget jeung antusias siswa dina diajar hiji topik atawa matéri nu diajarkeun ku guru, salah sahiji dina nulis wawangsalan sangkan pangajaran nu dilakukeun dikelas henteu monoton.

Ieu panalungtikan dilaksanakeun sangkan siswa leuwih kairut dina prosés pangajaran nulis wawangsalan. Gunardi (2010 kc, 248) nétélakeun yén wawangsalan mangrupa salahsahiji karya sastra heubeul nu wangunna ugeran sarta kaasup salahsahiji *genre* sisindiran. Wawangsalan téh kaasup kana karya sastra anu perlu dimekarkeun deui ku masarakat Sunda, ku sabab salasahiji warisan anu mangrupa karya sastra titinggal kolot jaman baheula. Tapi barudak jaman kiwari geus teu wanoh deui kana istilah wawangsalan. Ku kituna, ngaliwatan pangajaran wawangsalan ka siswa salaku tuturus bangsa, kudu bisa dimumulé jeung diriksa sangkan henteu leungit sabab miboga peranan penting pikeun mertahankeun eksistensi budaya sunda.

Panalungtikan ngeunaan modél atawa métode pangajaran saméméhna kungsi ditalungtik ku Anis Rojbilatul Fadilah taun 2016, nya éta “Peningkatan Keterampilan Menulis Melalui Modél Complete And Concept Sentence Berbantuan Média Flashcard Pada Siswa Kelas IV-B SDN Wonosari 02 Semarang. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén modél pangajaran *complete sentence* jeung *concept sentence* ngagunakeun média *flashcard* bisa ngaronjatkeun kaaktifan siswa jeung kamampuh nulis déskripsi siswa kelas IV-B SD Negeri Wonosari 02 Semarang”. Lian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nu

Andi Saputra, 2020

MODÉL COMPLETE SENTENCE NGAGUNAKEUN MÉDIA FLASHCARD PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI-MIPA 7 SMAN 24 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dilaksanakeun ku Wartini (2017) nya éta “Penerapan Modél Pembelajaran Complete Sentence dalam Meningkatkan Keterampilan Menulis Karangan”. Dina éta panalungtikan nétélakeun yén ngagunakeun modél pangajaran *complete sentence* bisa ngirut perhatian siswa, méré motivasi ka siswa, jeung ngaronjatkeun aktivitas siswa dina nagalakukeun prosés pangajaran, sarta bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.

Sasaruan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Fadilah (2016) katut Wartini (2017) yén modél nu digunakeun sarua nya éta modél *complete sentence*, malahan mah panalungtikan nu dilakukeun ku Fadilah (2016) média nu digunakeunna sarua. Lian ti éta kompetensi dasarna sarua nulis. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta tina subjék nu ditalungtik, objék nu ditalungtik, sarta matéri nu rék ditalungtik, upamana waé dina panalungtikan nu dilakukeun ku Fadilah taun 2016 ngeunaan nulis déskripsi jeung panalungtikan nu dilakukeun ku Wartini taun 2017 ngeunaan nulis karangan. Dina ieu panalungtikan nu digarap ngeunaan nulis wawangsalan.

Pentingna ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngungkulan pasualan-pasualan nu aya dina prosés diajar nulis wawangsalan ku cara ngagunakeun modél jeung média pangajaran anu luyu jeung ngagampangkeun siswa dina prosés diajarna. Sarta bisa jadi alternatif pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran jeung méré inovasi ngaliwatan modél *Complete Sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan. ku kituna perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Modél Complete Sentence Ngagunakeun Média *Flashcard* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Wawangsalan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-MIPA 7 SMAN 24 Bandung Taun Ajar 2019/2020)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu di nétélakeun di luhur, aya pasualan-pasualan anu disanghareupan ku siswa nalika pangajaran wawangsalan nyaéta ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis wawangsalan dumasar kana struktur, aspek kabahasaan, sarta tatacara panulisan anu luyu jeung kaidah-kaidahna.

Andi Saputra, 2020

MODÉL COMPLETE SENTENCE NGAGUNAKEUN MÉDIA FLASHCARD PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI-MIPA 7 SMAN 24 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Modél *complete sentence* jeung média *flashcard* mangrupa prosés pangajaran nu dimimitian ku nepikeun bahan ajar, ngabagi kelompok sacara hétérogén, méré lembar kerja nu eusina kalimah nu can lengkep, kagiatan diskusi nu satuluyna dipungkas ku nyindekeun materi. Sedengkeun média *flashcard* bisa digunakeun dina prosés diajar salaku média pangajaran sangkan bisa ngaronjatkeun motivasi siswa diajar sarta nimukeun ide-ide anu kréatif pikeun nulis wawangsalan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*;
- b. Kumaha kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*;
- c. Naha aya ngaronjatna kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*; jeung
- d. Naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*.

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji éféktif henteuna modél *complete sentence* jeung média *flashcard* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

Andi Saputra, 2020

MODÉL COMPLETE SENTENCE NGAGUNAKEUN MÉDIA FLASHCARD PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI-MIPA 7 SMAN 24 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*;
- b. kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*;
- c. ngaronjatna kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*; jeung
- d. béda anu signifikan antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas XI MIPA 7 SMAN 24 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard*.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan téh bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran nulis wawangsalan di sakola sarta bisa jadi dadasar diayakeunna panalungtikan leuwih jembar pikeun panalungtik séjénna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- a. Pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis wawangsalan sarta ngaliwatan modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard* siswa bisa leuwih aktif dina prosés pangajaran.
- b. Pikeun guru, bisa mikanyaho hiji modél pangajaran anu bisa dijadikeun alternatif dina prosés pangajaran nulis wawangsalan. sarta bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran jeung méré inovasi ngaliwatan modél *Complete Sentence* ngagunakeun média *flashcard* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis wawangsalan.
- c. Pikeun panalungtik, bisa jadi référénsi nyiptakeun jeung mekarkeun modél *Complete Sentence* pikeun ngaronjatkeun kaparigelan basa séjénna utamana dina pangajaran basa sunda.

Andi Saputra, 2020

MODÉL COMPLETE SENTENCE NGAGUNAKEUN MÉDIA FLASHCARD PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI-MIPA 7 SMAN 24 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab saperti ieu di handap.

Bab I bubuka, nu ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésis, nu ngawengku ngeunaan modél *complete sentence*, média *flashcard*, tiori nulis, tiori wawangsalan, sarta tiori nu aya patalina jeung materi bahan pangajaran.

Bab III métode panalungtikan, nu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pembahasan hasil panalungtikan, nu ngawengku kamampuh nulis wawangsalan siswa saméméh ngalarapkeun modél *complete sentence* ngagunakeun média *flashcard*, kamampuh nulis wawangsalan siswa sanggeus ngalarapkeun modél *complete sentence* ngagunakeun média *flashcard*, ngaronjatna nulis wawangsalan siswa jeung béda anu signifikan kamampuh nulis wawangsalan nu ngalarapkeun modél *complete sentence* ngagunakeun média *flashcard*.

Bab V kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi, eusina panalungtikan nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun jeung méré saran atawa rékoméndasi pikeun panalungtikan séjénna